ISSN: 2181-3906 2025

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 4 / ISSUE 6 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

# PEDAGOGIKA PÁNINIŃ MÁNISI HÁM ONIŃ MEDICINADAǴI ORNI

**Smetova Gúlzar Kalbaevna**
Qaraqalpaqstan Medicina Instituti
"Ózbek tili, tiller hám jámiyetlik pánler" kafedrası.
Psixologiya hám pedagogika páni assistent oqıtıwshısı.

https://doi.org/10.5281/zenodo.15739036

***Annotaciya.*** *Medicinada pedagogikanıń ornı hám áhmiyeti. Medicinalıq tálimde pedagogika pániniń maqset hám wazıypaları, obiekti, predmeti, dúzilisi. Pedagogika páni metodologiyası, tiykarǵı kategoriyalari hám túsinikleri.*

***Gilt sózler:*** *Medicina pedagogikası, Pedagogika, tálim, tárbiya, analitik, prognoz qılıw, joybarlı konstruktiv.*

# СУЩНОСТЬ ПЕДАГОГИКИ И ЕЁ РОЛЬ В МЕДИЦИНЕ

***Аннотация.*** *Роль и значение педагогики в медицине. Цели и задачи, объект, предмет и структура педагогики в медицинском образовании. Методология педагогики, основные категории и понятия.*

***Ключевые слова:*** *Медицинская педагогика, Педагогика, образование, воспитание, аналитический, прогнозирование, проектно-конструктивный.*

# THE ESSENCE OF PEDAGOGY AND ITS ROLE IN MEDICINE

***Annotation.*** *The role and significance of pedagogy in medicine. Goals and objectives, object, subject and structure of pedagogy in medical education. Methodology of pedagogy, basic categories and concepts.*

***Keywords:*** *Medical pedagogy, Pedagogy, education, upbringing, analytical, forecasting, project-constructive.*

Ǵárezsizligimizdiń dáslepki jıllarınan baslap úzliksiz tálim sistemasındaǵı reformalar tálim processlerin innovaciyalıq shólkemlestiriw hám basqarıw mexanizmlerin jetilistiriwdi, yaǵnıy tálim sapası hám natiyjeliligin asırıwda sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwlar hám zamanagóy talaplarǵa sáykes keletuǵın, demokratiyalıq principlerge tiykarlanǵan modernizaciyalasqan tálim basqarıwdı shólkemlestiriwdi talap etdi. Bul bolsa pedagogikalıq, psixologiyalıq bilimlerge zárúriyat tuwdıradı.

Usı bilimler pedagogikalıq aspekti qániygeniń kásiplik tayınlıǵı kózqarasınan jantasqanda, qániyge medicina tarawındaǵı didaktik materialdı oqıwshılardı oqıtıw processine maslastırıwı, medicinalıq tálim-tárbiya processin shólkemlestiriwi, onı muwapıqlastiriwi, didaktik maqsetlerdi belgilewi, kásiplik máselelerdi sheshiwinde qol keledi.

Medicina joqarı oqıw orınlarında usı kurstı oqıtıwdan maqset - bolajaq shıpakerlerde psixologiyalıq hám pedagogikalıq kásiplik kompetentlikti qáliplestiriw, oqıshılardıń keleshektegi shıpakerlik iskerliginde insanparwarlıq principlerıne ámel qılıwǵa úyretiw, jeke, ulıwma mádeniy hám de arnawlı kompetentlik qırların jetilistiriw bolıp tabıladı.

Medicinalıq tálimde pedagogika pániniń wazıypaları sıpatında ilimpazlar pedagogikanıń ush tiykarǵı funkciyaların (wazıypaları) ajratıp kórsetpekte.

Bular:

**-analitik** - pedagogikalıq: tájriybeni teoriyalıq izertlew, súwretlew, ulıwmalastırıw, interpretaciyalaw wazıypası;

**-prognoz qılıw** (boljaw) - mámlekettiń joqarı tálim mekemeleri, kafedralar tálim siyasatın nátiyjeli basqarıw, oqıtıwdıń perspektivalı hám maqsetke baǵdarlanǵan ilimiy tiykarların islep shıǵıw;

**-joybarlı konstruktiv** - jańa pedagogikalıq texnologiyalardı, innovaciyalıq iskerlik tiykarların jaratıw, pedagogikalıq izertlewler nátiyjelerin ámeliyatqa qollanıw.

Pedagogokani úyreniw processinde bolajaq shıpaker-student tómendegi wazıypalardı ámelge asırıwǵa tayın bolıwı kerek:

-shıpakerlik iskerliginde pedagogikalıq (bilimlendiriwge tiyisli, tárbiyalıq, insanparwarlıq principlerge tiykarlanǵan) bilimlerdi iyelew, olardı ózlestiriw;

-pedagogikalıq bilimler, kónlikpe, ilimiy tájriybelerdi iyelew, ulıwma pedagogikalıq mádeniyatın asırıw;

-keleshektegi shıpakerlik iskerligindegi qábiliyetlerin rawajlandırıwda zárúr bolatuǵın pedagogikalıq bilimlerdiń áhmiyetin, kásiplik potencialın asırıwdaǵı ornın ańlaw.

Pedagogika bolajaq shıpakerdiń iskerligin ilimiy tiykarda shólkemlestiriwge xızmet etedi.

Joqarı maǵlıwmatlı shıpakerdiń jeke hám kásiplik rawajlanıwı, shıpakerlik iskerliginiń mádeniyatı onıń pedagogikalıq bilimlerdi iyelewine tiykarlanadı.

Medicina pedagogikası - bolajaq shıpakerdiń iskerligin tuwrı shólkemlestiriw, onıń maqseti, mazmunı, wazıypaların belgilep beretuǵın, mámleket tálim standartlarında kórsetilgen talaplar tiykarında bul processti shólkemlestiriw, onı basqariw kepillik berilgen nátiyjege jetiwin támiyinleytuǵın maqsetli iskerligin úyreniwshi pán bolıp tabıladı. Pedagogika páni Shaxstı rawajlandırıwdıń eki zárúrli tárepi - onı oqıtıw hám tárbiyalawǵa tiykarǵı itibardı qaratqanlıǵı sebepli didaktika hám tárbiya teoriyası pánniń zárúrli strukturalıq bólimleri esaplanadı.

Medicinada pedagogikanı oqıtıwdan maqset - bolajaq shıpakerlerde psixologiyalıq hám pedagogikalıq kásiplik kompetentlikti qáliplestiriw, studentlerdiń keleshektegi shıpakerlik iskerliginde adamgershilik principlerine ámel qılıwǵa úyretiw, jeke, ulıwmamádeniy hám de arnawlı kompetentlik qırların jetilistiriw.

Pedagogika pániniń metodologiyalıq tiykarı esaplanǵan Ózbekstan Respublikasınıń "Bilimlendiriw haqqında"ǵi nızamı hám "Kadrlar tayarlaw milliy dástúrin" de mámleketimiz social rawajlanıwı tarawında tálimniń ústin dep daǵaza etiliwi pedagogika páni moynına júdá úlken juwapkershilikli, ullı wazıypalardı júkleydi.

Pedagogikanıń metodologiyalıq tiykarı jámiyettiń rawajlanıw basqıshlarındaǵı oqıtıw hám kámal taptırıw sistemaların, olardıń nızam -qaǵıydaların, ullı oyshıllar, aǵartıwshılar hám shıpaker-pedagoglardıń tálim-tárbiya, bilimge tiyisli ideyaların hám olardıń rawajlanıwın hár tárepleme úyrenetuǵın pán bolıp tabıladı. Sonday eken, erkin pikirleytuǵın, zamanagóy ilim hám kásip ónerlerdi puqta iyelegen, óz jurtı, óz xalqina belsendi, watan rawajlanıwına xizmet etiwge tayın shıpakerlerdi tayarlaw máselesi - medicina pedagogikadasındaǵı bas másele sıpatında kórinbekte.

Sonday eken, medicina pedagogikası - jámiyet hám shaxs munasábetlerin sistemalastıratuğın tárbiya hám tálim máselelerin úyrenetuğın pán sıpatında ortağa shığıp, onda házirgi zaman páni hám metodologiyasiniń tómendegi ulıwma máseleleri ashıp beriledi:

-pán tariyxı hám rawajlanıwı;

-pán haqqındağı tiykarğı konsepciyalar;

-házirgi zaman pánindegi tiykarğı aktual máseleler hám olardıń sheshimin tabıwda zárúr bolatuğın metodlar, usıllar hám qurallar.

Juwmaqlap aytqanda basqa pánler sıyaqlı pedagogika da jámiyettiń talap hám mútajlikleri tiykarında payda boldı hám jámiyet social rawajlanıwı menen úzliksiz rawajlanıp barmaqta. Sol sebepli tálim-tárbiya processin socialliq ómirdiń ajıralmas bólegi, dep qaraw kerek, sebebi tálim-tárbiyalıq islerdi alıp barmastan turıp jámiyet rawajlanıwın, bárkámal insandı tárbiyalawdı kóz aldımızğa keltiriw qıyın.

**Paydalanılğan ádebiyatlar:**

1. Umarov B.M., Shoyimova Sh.S., Ro‘ziyeva D.I. Pedagogika.Psixologiya, Darslik. Toshkent. 2019y
2. Shamshetova A.K., Melibayeva R.N., Usmanova X.E., Xaydarov I.O. Umumiy psixologiya, O‘quv qo‘llanma. Toshkent, 2018 y.

**Internet saytı:**

3. www.edu.uz – официальный сайт OO'MTV.
4. www.ziyonet.uz – образовательный портал.
5. www.pedagog.uz – официальный сайт ТДПУ.
6. www.natlib.uz – сайт Национальной библиотеки Узбекистана имени Алишера Навои.